

**MODÈL LÈT POU DOMAJ OSWA  
MALADI KI PA GEN RAPÒ AK TRAVAY LA**

School/Department Letterhead

Dat

Non anplwaye a  
Adrès lakay li  
Vil, Eta Kòd Postal li

Chè \_\_\_\_\_:

Ou te prezante dokiman medikal ki fè konnen ou gen restriksyon ki kapab afekte abilite ou pou fè travay ou. Si w pa kapab akonpli fonksyon esansyèl nan travay ou akòz restriksyon medikal, ou kapab chwazi youn nan opsyon sa yo ki se konje apwouve dapre Lwa Florid 1012.67 ak Regleman Komite Ekzekitif Depatman Edikasyon 3.80:

1. Itilize jou konje maladi ak/oswa jou vakans ki pa sèvi 776 (PBSD 0032),
2. Aplike pou yon konje espesyal san peye (PBSD 1666),
3. Aplike pou konje medikal pou rezon famiyal (PBSD 2312), oswa
4. Aplike pou andikap imedya/lontèm si w te gen tan achte li anvan kòm yon benefis (kontakte Risk & Benefits Management nan 561/434-8580).

Si w deside pran nenpòt nan konje sa yo ki mansyone anwo yo, se responsablite pa w pou fè sipèvizè ou konnen kilè w ap retounen travay. Y ap mande ou pou soumèt yon nòt doktè alavans ki eksplike nan ki dat ou kapab reprann travay. Si doktè w la ta bezwen yon kopi responsabilite ou genyen nan travay la pou kab detèmine kapasite ou pou ranpli fonksyon ou genyen yo, ou kapab mande pou yo voye yon deskripsyon travay ou bay doktè ou, lè ou rele (HR Customer Contact Center) nan 561/434-8777.

Si enfimite w la pèmanan epi ou gen enpresyon Amandman Lwa sou Ameriken ki andikape (Americans with Disabilities Act Amendments Act - ADAAA) kapab konsidere l kòm yon andikap, tanpri kontakte kowòdonatè(tris) ADA a nan (561/434-8637) k ap detèmine si w kalifye pou yon akomodasyon kèlkonk.

Sensèman,

Direktè/tris/Sipèvizè

Siyati anplwaye ki resevwa lèt sa a \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_